

Anri ak gwo chen li a ki rele Mòdj vwaye pou y ale nan kan ansanm ak manman ak papa Anri. Anri ak Mòdj renmen ale nan kan. Ann ete sa a, yo ka ale nan yon kan ki rele “ Big Bear Lake”/Lak Bwo Lous.

Anri te swete yo te ka wè sèf ak raton lavè. Li te swete tou pou yo pa ta wè yon lous nan Lak Gwo Lous la. Anri di chen li an kon sa : « Pa gen okenn lous k ap vin pran nou, Mòdj ».

Lè yo rive nan lak Gwo Lous, tout moun al pwomennen a pye. Yo te mache anpil. Anri wè yon pwason vole soti nan dlo a. Li wè pitit yon sèf . Li wè kaskad dlo ak yon akansyèl. Mòdj pa t wè anpil bagay. Li te twò okipe ap pran sant bèt ki te pase nan wout la ansanm ak sa li te pote nan sak li.

Aprè flann a pye a, paran Anri monte tant la. Se te manman Anri ki te pi fò nan monte tant. Manman Anri te kon ale nan kan lè li te pitit. Li konn tout sa pou konnen nan zafè monte tant. Papa Anri pa te konn anyen nan zafè kan. Li sèlman pote gita li pou li jwe mizik epi chante. Anri menm te ede nan debarase sak manje a.

Lè l vin fè nwa, yo tout chita bò dife a epi y ap gade zetwal yo. Li te yon bè nuit. Anri pa t janm te konn wè tout kantite etwal sa ayo. Mòdj pa t gade etwal yo. Li te okipe ap mòd yon bout bwa.

Ala fen, dòmi pran yo nan tant lan. Pa te genyen okenn bwi oubyen anyen pou fè yo pè. Te sèlman gen yon ti van fre. Anri ak Mòdj renmen ale nan kan.

## Konpreyansyon/ Criticle Thinking

1. Mande timoun yo panse sou yon bon kesyon yo ta mande Anri de manman li?
2. Ki santiman otè a sou zafè ale nan kan an?
3. Poukisa ou panse Anri yon tijan pè pou li pa wè lous pandan yo nan kan ?
4. Poukisa ou panse pa te genyen okenn bwi lè yo ta l dòmi ?
5. Mande timoun yo pou detaye sa yon moun ap bezwen kon fè pou yo ale nan kan.
6. Ki mo kle nou jwenn nan istwa ki ede nou konnen kijan istwa pati ?

Vwayèl :

Ede timoun rekonèt mo ki gen vwayèl : o ou e Fè yo ajoute lòt mo yo wè nan kat sa a.

O	OU	E
Okipe Gwo	Lous Tout	Ale Zetwal

Ann Revize: Ki sa ki fè yon bon Deskripsyon ?

Yon bon deskripsyon sèvi ak yon langaj ki pentire yon foto pou moun ki ap li a. Lè w ap ekri yon deskripsyon sonje pou :

- Kòmanse ak yon fraz ki klè e enteresan ki pale de yon moun, yon kote,, yon bagay, oubyen yon evènman.
- Sèvi ak sans ou pou jwenn enfòmasyon sou sijè a
- Sèvi ak mo sans pou de ki jan bagay la sanble, santi, ki son li fè, ki gou li, ak ki sant li genyen
- Epi sèvi ak anpil detay pou kreye yon imaje ki klè